**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки Республики Адыгея**

**Муниципальное образование "Шовгеновский район"**

**МБОУ СОШ №4 а. Мамхег**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
| --- | --- | --- |
| на заседании МО учителей начальных классов<br>Руководитель ШМО<br>__________ /М. З. Дачева/<br>Протокол № 1<br>от «28» августа 2024 г. | Заместитель директора по УВР<br>__________ /Н. К. Хуажева/<br>Протокол № 1<br>от « 28 » августа 2024 г. | Директор МБОУ СОШ № 4 аула Мамхег<br>__________/А. К. Пченаше<br>Приказ №108<br>от « 29» августа 2024 г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

(ID 5751378)

**учебного предмета «Литературное чтение на родном языке (адыгейском)»**

для обучающихся 3 классов

Дачева Марзият Заурбечевна
учитель начальных классов

**аул Мамхег**
**2024 г.**

Рабочая программа разработана на основе следующих нормативно-правовых документов:

- Федеральный государственный образовательный стандарт;
- Основная образовательной программы начального общего образования МБОУ СОШ № 4 на 2023/2024 учебный год;

КIэлэеджакIохэм шIэныгъэ дэгъухэр аригъэгъотынхэр, IофшIэныр шIу аригъэлъэгъуныр, шэн - Iэдэб дахэхэр ахилъхьанхэр, якъэралыгъо фэшъыпкъэхэу ыпIунхэр арых еджапIэм пшъэрылъ шъхьаIэу иIэхэр.

А пшъэрылъхэм язэшIохынкIэ адыгабзэми, адрэ предметхэм афэдэхэу, мэхьанэ иI. Чылэм ащыщ адыгэ сабыйхэр еджапIэм къызыкIохэкIэ, ахэм яныдэлъфыбзэ ары ныIэп зэрэгущыIэхэрэр. Арышъ, зэкIэ ашIоигъор, дунаим хэшIыкIэу фыряIэр, цIыфхэм язэфыщытыкIэ ехьылIагъэу ашIэрэр къызэраIорэр адыгабзэр ары. КIэлэцIыкIумэ шIэныгъэ агъотынымкIэ, яакъыл хэхъонымкIэ, яжабзэ гъэбаигъэнымкIэ ныдэлъфыбзэр амалышху. Джащ фэд кIэлэеджакIохэм къэзыуцухьэрэ дунаим хэшIыкIэу фыряIэм зэрэхагъахъорэм имызакъоу, урысыбзэр зэрагъэшIэнымкIи, адыгабзэ зэрагъэшIэнымкIи, нэмыкI предметхэу адыгабзэмкIэ ублэпIэ классхэм ащызэрагъашIэхэрэр хьисапыр, дунэехащэр, нэмыкIхэр нахь тэрэзэу къагурыIонхэмкIи, шIэныгъэ зэфэшъхьафхэу агъотыгъэхэр лъэпсэ IэубытыпIэ афэхъух. КIэлеэджакIохэм дунаеу зыхэтыр къагурыIонымкIи, шIэныгъэмэ якъежьапIэхэр аIэ къихьанхэмкIи, пIуныгъэ тэрэз агъотынымкIи къежьапIэу хъурэр ныдэлъфыбзэр ары.

Ныдэлъфыбзэр шIуагъэу къытырэр нахь гъэлъэшыгъэным пае, ащ зэрэрагъаджэрэр нахь тэрэзэутзэхэщэгъэн урок пэпчъ нахь шIэныгъэ куу къытэу ыгъэпсыныр кIэлэегъаджэ пэпчъ ипшъэрылъ.

Адыгэ Республикэм иунашъоу гъэсэныгъэм фэгъэхьыгъэм къызэрэдилъытэрэр ублэпIэ классым зэкIэ предметхэр, урысыбзэм фэшъхьафхэр, кIэлэеджакIохэм адыгабзэкIэ зэрагъэшIэнэу ары.

Арышъ, адыгабзэм изэгъэшIэнкIэ пшъэрылъ зэфэшъхьафхэр къэуцух. Ахэр:

- кIэлэцIыкIухэм аныбжьрэ язэхэшIыкIырэ ялъытыгъэу хэхъоныгъэ ашIыным лъапсэ фэшIыгъэныр;
- имэхьанэ къагурыIозэ IупкIэу ыкIи псынкIэу текстым къеджэнхэм, хэмыукъохэу тхэнхэм, жэбзэ дахэ аIулъы хъуным афэгъэхьыгъэ амалхэр ягъэгъотыгъэнхэр;
- дунаеу зыхэтхэр нахьышIоу къагурыIоу, апкъышъолкIэ пытэхэу, адыгэгъэ - цIыфыгъэ зукIокIэ дахэмрэ Iэдэбымрэ яшэнхэу яныдэлъфыбзэ шIу алъэгъоу, агъэлъапIэу, лъэпкъ гушхуагъэхэр ахэлъэу, адыгэмэ якультурэ хэшIыкI фыряIэу, дэир щагъэзыеу, дахэр къагурыIоу, дэгъоу еджэнхэу пIухэнхэр;
- шIуагъэ къэзытрэ IофшIэнхэм афэщагъэхэу егъэсэгъэнхэр.

Апэрэ - яплIэнэрэ классхэм адыгабзэмкIэ япрограммэ щэу зэхэты:

- ЕджэкIэ - тхакIэ ягъэшIэгъэныр. Унэм щеджэнымрэ жабзэм ихэгъэхъонрэ.
- Классым ыкIи унэм ащеджэнымрэ жабзэм ихэгъэхъонрэ.
- Грамматикэр, тхакIэр, жабзэм ихэгъэхъон.

Мыхэр зэкIэ зэзыпххэу, анахь мэхьанэ лъапсэу щытыр жабзэм хэгъэхъогъэныр ары. Адыгабзэм изэгъэшIэн шэпхъэ гъэнэфагъэ хэлъэу, зэк элъыкIокIэ тэрэз иIэу зэхэщэгъэнымкIэ ащ инэу ишIуагъэ къэкIощт.

Егъэджэн - п уныгъэ лъэныкъомкIэ Iофэу адашIэрэр илъэсих зыныбжь кIэлэцIыкIухэм къызэрямыхьылъэкIыным тегъэпсыхьагъэу апэрэ классым щызэхащэрэ урокхэм якIыхьагъэ нахь гъэкIэкIыгъэу агъэпсы.

**Еджэнымрэ жабзэм ихэгъэхъон яхьылIагъэу программэм къыдилъытэхэрэр:**

1. Зэджэщтхэм ятемэхэр.
2. Унэм щеджэнхэр.
3. ЕджэнымкIэ къулайныгъэу агъотынфаехэр.
4. Зэджэщт текстхэм жабзэм ихэгъэхъон яхьылIагъэу Iофэу ашIэщтхэр.

Урокым иохътэ нахьыбэ дэдэр (такъикъ 40-рэ) кIэлэеджакIохэм яеджэнрэ текстым Iоф даш

энымрэ апэIухьан фае.

Класс пэпчъ кIэлэеджакIохэр къызэрещэджэщтым (зы такъикъым телъытагъэу) псынкIагъэу хэлъын фаехэр мыщ фэдэх:

| Классхэр | Зы такъикъым къызэджэн фэе гущыIэ пчъагъэр |
|---|---|
| Апэрэ класс | 15-20 |
| ЯтIонэрэ класс | 30-40 |
| Ящэнэрэ класс | 50-60 |
| ЯплIэнэрэ класс | 70-80 |

**Унэм щеджэныр.**

Егъэджэн - пIуныгъэ пшъэрылъхэу ублэпIэ еджапIэм ыпашъхьэ щытхэр гъэцэкIэгъэнхэмкэ унэм щеджэныр дэгъоу зэхэщэгъэным мэхьанэшхо иI.

КIэлэеджакIохэр унэм щеджэнымкIэ мыщ фэдэ пшъэрылъхэр зэшIохыгъэнхэ фае:

1. Предмет пстэумкIи классым зэрэщеджэхэрэм къатырэ шIэныгъэхэм ахэгъэхъогъэныр ыкIи зягъэушъомбгъугъэныр;
2. Тхылъэу ящык эгъэщтыр библиотекэм къычIагъотэным, тхылъым зыфэещт материалыр къыхагъэщыным егъэсэгъэнхэр;
3. Ежь - ежьырэу тхылъым Iоф зэрэдашIэщт къулайныгъэу аIэкIэлъхэм ахэгъэхъоныр;
4. ЕджэнымкIи чаныгъэ къызхагъафэу, ащ пыщагъэхэу, шIэныгъакIэхэр зэрагъэгъотыным фаблэхэу п угъэнхэр.

Тхылъым ежь - ежьырэу Iоф дашIэн алъэкIыным икъулайныгъэхэр кIэлэеджакIохэм аIэкIэгъэхьагъэнхэм пае унэ еджэнымкIэ сыхьат гъэнэфагъэхэр программэм къетых: ятIонэрэ классым илъэс еджэгъум унэ еджэным сыхь. - 9, ящэнэрэ классым сыхь. - 9, яплIэнэрэ классым сыхь. -9.

**Виды и формы организации учебного процесса:**

- Фронтальная, групповая, индивидуальная работа, работа в парах.
- Комбинированные, обобщающие, уроки-драматизации, импровизации, игры, концерты.

**Результаты изучения курса.**

Реализация программы обеспечивает достижение выпускниками начальной школы следующих личностных, метапредметных и предметных результатов.

**Личностные результаты:**

- формирование средствами литературных произведений целостного взгляда на мир в единстве и разнообразии адыгейской природы,  культуры и религии;
- воспитание художественно-эстетического вкуса, эстетических потребностей, ценностей и чувств на основе опыта слушания и заучивания наизусть произведений художественной литературы;
- развитие этических чувств, доброжелательности и эмоционально-нравственной отзывчивости, понимания и сопереживания чувствам других людей;
- формирование уважительного отношения к иному мнению, истории и культуре адыгского народа, выработка умения терпимо относиться к людям иной национальной принадлежности
- развитие самостоятельности и личной ответственности за свои поступки на основе представлений о нравственных нормах общения.

**Метапредметные результаты:**

- овладение способностью принимать и сохранять цели и задачи учебной деятельности, поиска средств её осуществления;
- формирование умения планировать, контролировать и оценивать учебные действия в соответствии с поставленной задачей и условиями её реализации, определять наиболее эффективные способы достижения результата;

- формирование умения понимать причины успеха/неуспеха учебной деятельности и способности конструктивно действовать даже в ситуациях неуспеха;
- активное использование речевых средств для решения коммуникативных и познавательных задач;
- использование различных способов поиска учебной информации в справочниках, словарях, энциклопедиях и интерпретации информации в соответствии с коммуникативными и познавательными задачами;
- овладение навыками смыслового чтения текстов в соответствии с целями и задачами, осознанного построения речевого высказывания в соответствии с задачами коммуникации и составления текстов в устной и письменной формах;
- готовность слушать собеседника и вести диалог, признавать различные точки зрения и право каждого иметь и излагать своё мнение и аргументировать свою точку зрения и оценку событий.

**Предметные результаты:**

- использование разных видов чтения (изучающее (смысловое), выборочное, поисковое); умени осознанно воспринимать и оценивать содержание и специфику различных текстов, участвоват в их обсуждении, давать и обосновывать нравственную оценку поступков героев;
- умение самостоятельно выбирать интересующую литературу, пользоваться справочными источниками для понимания и получения дополнительной информации;
- умение использовать простейшие виды анализа различных текстов: устанавливать причинно-следственные связи и определять главную мысль произведения, делить текст на части, озаглавливать их, составлять простой план, находить средства выразительности, пересказыват произведение;
- умение написать отзыв на прочитанное произведение;
- развитие художественно-творческих способностей.

## СОДЕРЖАНИЕ УЧЕБНОГО КУРСА

**Еджэнымрэ жабзэм ихэгъэхъонрэ**

**(Тхьэмафэм сыхь. 1. ЗэкIэмкIи сыхь. 34 -рэ.)**

**Тематикэр**

**Адыгэ усакIохэм якъэлэмыпэ къычIэкIыгъэ усэхэр.**

Гъэмафэмрэ бжыхьэмрэ ом изытет, цIыфмэ IофшIэн зэфэшъхьафэу агъэцакIэхэрэм, кIэлэцIыкIухэр зэрыджэгурэ джэгукIэхэм яхьылIэгъэ произведениехэр, гущыIэжъхэр, хырыхыхьэхэр.

**Адыгэ Республикэм итхакIохэм нэIуасэ зафэтэшIы.**

Адыгэ хэбзэ дахэхэм (нахьыжъыр плъытэныр, зекIокIэ - шIыкIэ дахэр, Iушыгъэр, акъылыгъэр, шъхьэкIэфагъэр, шъыпкъагъэр, ныбджэгъугъэр, хьалэлыгъэр) яхьылIэгъэ усэхэр, рассказхэр, орэдхэр, пшысэхэр, хырыхыхьэхэр, сурэтхэр.

**Баснэхэр.**

ЦIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ябаснэхэр. Псэушъхьэхэм, къэкIыхэрэм зэкIэ ом цIыфхэр зэрафэгумэкIхэрэр, ащ кIэлэеджакIохэр зэрэхэлажьэхэрэр къэзгъэлъэгъорэ рассказхэр, усэхэр, гущыIэжъхэр, хырыхыхьэхэр.

**Адыгэ усакIохэм якъэлэмыпэ къычIэкIыгъэ усэхэр**

КIымафэм идэхагъэ, цIыфхэм Iофэу ашIэхэрэм, Родинэр зэрагъэбайрэм, псэушъхьэхэм ящыIакIэ, кIэлэцIыкIухэм яIофыгъохэм яджэгукIэхэмрэ яхьылIэгъэ усэхэр, рассказхэр, орэдхэр, пшысэхэр, гущыIэжъхэр, хырыхыхьэхэр, сурэтхэр.

**Литературнэ пшысэхэр.**

ЦIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм япшысэхэр. ЦIыфхэм Iофэу ашIэхэрэм, сэнэхьат зэфэшъхьафхэмкIэ Родинэр зэрагъэбайрэм, Iоф дэгъоу пшIэмэ ащ щытхъу пылъым, кIэлэеджакIохэм IофшIэнхэу агъэцакIэхэрэм яхьылIэгъэ пшысэхэр.

**Адыгэ усакIохэм якъэлэмыпэ къычIэкIыгъэ усэхэр.**

Гъэтхэ IофшIэнхэр, псэушъхьэмэ ящыIакIэ, кIэлэцIыкIухэм яджэгукIэхэр, бзылъфыгъэхэм ямэфэкI къэзгъэлъэгъорэ произведениехэу писательхэмрэ поэтхэмрэ атхыгъэхэр. Темэм ехьылIэгъ

гущыIэжъхэр, хырыхыхьэхэр.

**Къытфегъэпс ренэу тыгъэр.**

Непэрэ тидзэкIолIмэ яхьылIэгъэ усэхэр, орэдхэр, рассказхэр, статьяхэр, сурэтхэр. Зэошхом илъэхьан лIыхъужъыгъэу зэрахьагъэр.

**ЖэрыIо народнэ творчествэр.**

ЦIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм яшысэхэр, ягущыIэжъхэр, яхырыхыхьэхэр. Адыгэ джэгукIэхэр. ДжэгукIэу кIэлэцIыкIухэр зэрэджэгухэрэм, ахэмэ яшIэныгъэ зэрэхагъахъорэм, япсауныгъэ зэрагъэпытэрэм яхьылIэгъэ произведениехэр.

**НэмыкI цIыф лъэпкъхэм ялитературэ нэIуасэ зыфэтэшIы**

А. Пушкин, И. Крылов, К. Чуковский нэIуасэ зафэтэшIы.

**Езбырэу зэрагъашIэмэ хъущт усэхэм ацыщхэр:**

Цуякъо Дж. «Ныдэлъфыбзэр»

Пэрэныкъо М «Мыекъуапэ»

Дэрбэ Т «Осыр къесы»

Бэрэтэрэ Хь. «Илъэсым исурэт»

Андырхъое Хъ. «ПцIэшхъо цIыкIу»

Хъущт Мир «Сян»

Хьаткъо А. «Типсы шхъухьашI»

Кощбэе П. «Заом тыфаеп»

**ЕджэнымкIэ къулайныгъэу агъотын фаехэр:**

- тэрэзэу, зэхэугуфыкIыгъэу, IупкIэу текстым къеджэнхэр;
- ямынэIосэ текстым зы такъикъым гущыIэ 50-60 -м къыщымыкIэу къеджэнхэр;
- къеджэнхэ зыхъукIэ мэхьанэ шъхьаIэ зиIэ гыщыIэхэр текстым кIэлэеджакIохэм къыхагъэщынхэр;
- къеджэхэ зыхъукIэ гущыIэухыгъэхэм ахэт ыкIи аужы ит тамыгъэхэр макъэкIэ къыхагъэщынхэр.

**Текстым Iоф дашIэнымкIэ кIэлэеджакIохэм къулайныгъэу агъотын фаехэр:**

- зэджагъэхэм яхьылIэгъэ упчIэхэм яджэуапхэр текстым къыхагъэщыни къяджэнхэр;
- план къызэрыкIор къызфагъэфедэзэ, зэджагъэхэм къыIотэрэ хъугъэ - шIагъэм изэкIэлъыкIуакIэ амыукъоу къаIотэжьыныр;
- текстыр Iахь - Iахьэу агощыни, Iахь пэпчъ шъхьэ къыфаугушыпсыныр;
- мэхьанэ шъхьаIэр къэзгъэлъэгъорэ гущыIэухыгъэр текстым къыхагъэщыныр;
- гущыIэхэм ямэхьанэ къызэхафыныр, гущыIэм имэхьанэ нэмыкI гыщыIэкIэ къаIоныр, имэхьанэкIэ къыпыщыт гущыIэр къагъотыныр;
- поэтхэмрэ писательхэмрэ гущыIэ дахэхэу усэхэм ащагъэфедэхэрэр къахагъэщынхэр;
- зэджагъэхэм ахэт цIыфхэр зыфэдэхэр къагъэлъэгъонхэм пае ищыкIэгъэ гущыIэхэр тэрэзэу къыхахынхэр;
- кIэлэегъаджэр кIэлэеджакIом IэпыIэгъу афэхъузэ, геройхэм язекIуакIэхэм уасэ афашIыныр
- зэджагъэхэм имэхьанэ кIэлэеджакIохэм жэбзэ тэрэзкIэ, жэбзэ дахэкIэ къаIотэжьыныр;
- зэдеIэжьхэзэ агъэхьазырыгъэ планым тетэу темэ зэфэшъхьафхэм афэгъэхьыгъэу рассказ мыиныщэр зэхагъэуцоныр;
- пшысэм инэшанэхэр, ар фольклорым ижанрэу зэрэщытыр, усэм гъэпсыкIэу хэлъыр зэтырагъэушъхьафыкIыныр;
- зэджагъэхэм имэхьанэ ехьылIагъэу сурэтхэр жэрыIокIэ къашIынхэр;
- ящыкIэгъэщт тхылъхэр библиотекэм къыщагъотынхэр, етIанэ тхылъым зэрэпсаоу къатегущыIэнхэр;
- тхылъым ыкIышъо зыфэдэр, ащ дэтхэр, гущыIапэр ашIэнхэр;
- зэджэнхэ фэе тхылъхэр зэрыт спискэр тэрэзэу къызфагъэфедэныр.

# Календарно - тематическое планирование уроков литературного чтения на родном языке (адыгейском) в 3 классе.

Количество часов - 34ч, в неделю -1ч.

| № п\п | Урокхэм ятемэхэр | Сыхьат пчъагъэр | Мафэр мазэр. | |
|---|---|---|---|---|
| | | | по плану | по факту |
| | **Адыгэ усакІохэм якъэлэмыпэ къычІэкІыгъэ усэхэр.** | | | |
| 1. | Цуякъо Дж. «Орэд чэф»,«Ныбджэгъу дэгъу». «Ныдэлъфыбзэр». (езбыр) | 1 | 06.09.2022г | |
| 2. | Жэнэ Къ. «Яшкол нэфы зэлъекІужьых», «Тхылъыр - ныбджэгъу», «Нэшанэхэр». | 1 | 13.09.2022г | |
| 3. | Жэнэ Къ. «ХэтэрыкІмэ яорэд», «Родинэр», «Хэгъэгу ыгу». | | 15.09.2022г | |
| 4. | ХьадэгъэлІэ А. «Сичыл», «СыпфэгушІо, сихэку!». | 1 | 27.09.2022г | |
| 5. | Пэрэныкъо М «Мыекъуапэ», (ебыр) «Сихэку». | 1 | 29.09.2022г | |
| 6. | Нэхэе Р. «Адыгэ Іанэр», «Адыгэ къуай».<br>Къуекъо Н. «Адыгэ шъуаш» | 1 | 04.10.2022г | |
| 7. | Хъалыщ С. «Гъогумаф о, пцІэшхъо цІыкІур!», «Тэ шІыхьафыр тимэфэкІ!» | 1 | 11.10.2022г | |
| | **Адыгэ Республикэм итхакІохэм нэІуасэ зафэтэшІы.** | | | |
| 8. | КІэрэщэ Т. «Бжыхьэм иаужырэ мафэхэр», «Адыгэ шыур» | 1 | 18.10.2022г | |
| 9. | МэщбэшІэ И. «Адыгэ цый», «ПсынэкІэчъ», «Бжыхьэ пчэдыжь». | 1 | 20.10.2022г | |
| 10. | Кощбэе П. «ХъяркІэ, гъэмафэр»,«Чэтыум ишІэжь», «ОрэдыІохэр». | 1 | 01.10.2022г | |
| 11. | Кэстэнэ Д. «Зэмыжэгъэ ІукІэгъу»<br>ГутІэ С. «МыІэрыситІу» | 1 | 22.11.2022г | |
| | **Баснэхэр.** | | | |
| 12. | Баснэхэр. Ӏэшъынэ Хь. «Тыгъужъ»,«Къэцгъуанэмрэ бжьэхэмрэ», «Бысымгуащэм къехъулІагъэр». | 1 | 01.12.2022г | |
| 13. | ЩэшІэ А. «Баснэ» .ЗытэуплъэкІужьы. | 1 | 08.12.2022г | |
| | **Адыгэ усакІохэм якъэлэмыпэ къычІэкІыгъэ усэхэр** | | | |
| 14. | Хьакэмыз Б. «КІымаф»<br>Дэрбэ Т «Осыр къесы», (ебыр) «ТхьакІумкІыхь», «Саусырыкъо сыфэдэп» | 1 | 13.12.2022г | |
| 15. | Бэрэтэрэ Хь. «Илъэсым исурэт» (ебыр) «КІымэфэ мыл», «ИлъэсыкІэм иорэд». | 1 | 20.12.2022г | |
| 16. | Мырзэ Дз. «ШъошІа шъо илъэсыр зыфэдэр?», «Сыдэу даха типчэдыжь». | 1 | 27.12.2022г | |
| | **Адыгэ Республикэм итхакІохэм нэІуасэ зафэтэшІы.<br>Литературнэ пшысэхэр.** | | | |
| 17. | ХьакІунэ З «КІымафэ пшыс». | 1 | 17.01.2023г | |
| 18. | Хъуадэ С. «Унэ цыгъомрэ мэз цыгъомрэ» | 1 | 19.01.2023г | |
| 19. | Пэнэшъу С «Мэз гъэхъун» . | 1 | 24.01.2023г | |
| | **Адыгэ усакІохэм якъэлэмыпэ къычІэкІыгъэ усэхэр** | | | |
| 20. | Андырхъое Хъ. «ПцІэшхъо цІыкІу» (езбыр)<br>Хъущт Мир. « Насып зехьэу, сят, усиІ», «Сян» (езбыр) | 1 | 26.01.2023г | |
| 21. | Къуикъо Ш. «Нан». Бэгъ Н. «Сщыгъупшэщтэп сянэу сыкъэзылъфыгъэр…»«Гъэсэпэтхыд», «Зэдегъаштэр терэшэн» | 1 | 07.02.2023г | |
| 22. | ЯхъулІэ С. «Тикъэлэ дах», «Бэгужъыекъо Лёл».<br>Хьаткъо А. «Типсы шхъухьашІ» (езбыр) | 1 | 14.02.2023г | |
| | **Къытфегъэпс ренэу тыгъэр.** | | | |
| 23. | В.Бороздин «Загъасэ» | 1 | 21.02.2023г | |
| 24. | Кощбэе П. «Заом тыфаеп», (езбыр) «Тидзэ кІочІэшху». «ЗэкІэмэ анахь лъэшыр» | 1 | 23.02.2023г | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 25. | Ожъ А. «Шыгъачъэр», «Хэтэрыкӏхэм тадэлажьэ». «Шъэожъыем игукӏэгъу». | 1 | 07.03.2023г | |
| 26. | Майкопар И. «Атакъитӏу». | 1 | 14.03.2023г | |
| **Ӏорыӏуатэхэр.** | | | | |
| 27. | Ӏорыӏуатэхэмрэ хырыхыхьэхэмрэ.<br>Бэрэтэрэ Хь. «Хырыхыхьэхэмкӏэ тыджэгун». | 1 | 23.03.2023г | |
| 28. | Гущыӏэжъхэр. Гущыӏэжъхэр зыфэгъэхьыгъэхэр. | 1 | 06.04.2023г | |
| 29. | Пшысэхэр. «Нахь лӏыхъужъ дунаим темытэу зызыӏуатэщтыгъэр». | | 11.04.2023г | |
| 30. | «Саусырыкъо имэхапӏэ къызэрашӏагъэр». (тхыдэ) | 1 | 27.04.2023г | |
| **Нэмыкӏ цӏыф лъэпкъхэм ялитературэ нэӏуасэ зыфэтэшӏы.** | | | | |
| 31. | А. Пупкин «Дышъэ атакъ» | 1 | 16.05.2023г | |
| 32. | И. Крылов «Пкӏаумрэ къамзэгумрэ» | 1 | 23.05.2023г | |
| 33. | К. Чуковский «Докторымрэ ихьакӏэ - къуакӏэхэмрэ» | 1 | 25.05.2023г | |
| 34. | Тишӏэныгъэхэр зэфэтэхьысыжьых. | 1 | 30.05.2023г | |